

CHAPIT 23

# Kitaj

Nan chapit sa a:

**Ki jan pou deside ki lè pou fè kitaj ..... 418**

**Fè preparasyon pou kitaj la ..... 419**

Mete fi a alèz.....419

Prepare zouti ak materyèl w ap bezwen  
pou fè kitaj la.....420

Anpeche doulè pandan kitaj la .....419

**Fè kitaj la ..... 422**

Piki ki pou angoudi kòl matris la .....424

**Pwoblèm ki ka rive pandan kitaj la ..... 428**


Kanil la soti anndan matris la.....428

Kanil la bouche .....429

Sereng nan plen.....429

Pwoblèm kitaj ka lakòz.....430

**Apre kitaj la ..... 430**



Kitaj se yon fason rapid ki pa danjere pou netwaye matris yon fi avèk yon gwo sereng ak yon kanil. Li ka fèt pou rezon sa yo:

- Pou ede yon fi ki te fè yon foskouch oswa yon avòtman ki pa t konplè.
- Pou kontwole kantite san li bay chak mwa.
- Pou jete yon timoun li pa vle.

Fason yo itilize kitaj pou netwaye matris la toujou fèt menm jan an.



Nan liv sa a, nou esplike ki jan pou itilize kitaj pou ede fi ki te fè yon foskouch oswa yon avòtman ki pa t konplè, sa vle di, lè yon gwosès fini anvan lè, men gen rèz dechè gwosès la ki rete nan matris fi a toujou. Gade Chapit 22, tou, pou wè lòt fason pou ede yon fi apre li fin fè yon avòtman oswa yon foskouch. Kitaj la se sèlman yon pati nan swen li bezwen.

Kitaj gen mwens danje, li pi senp, epi li pi bon mache pase lòt metòd yo itilize pou netwaye matris. Souvan, pou lòt metòd yo, se sèlman doktè ki ka fè yo nan yon lopital. Men, fanmsaj, enfimyè, oswa nenpòt moun yo te fòme pou sa ka fè yon kitaj depi yo gen zouti yo bezwen yo, epi yo ka esterilize zouti yo. Si fanmsaj ak lòt moun aprann fè kitaj kòrèkteman, plis fi, sitou fi ki pòv ak fi ki rete byen lwen andeyò, ka gen chans pou yo fè avòtman san danje epi pou yo jwenn swen pou pwoteje lavi yo apre yon foskouch oswa apre yon avòtman ki pa t konplè.

### Kèk enfòmasyon sou fason pou aprann fè kitaj:

- Anvan w li chapit sa a, ou dwe gentan konprann **prevansyon kont enfeksyon** (Chapit 5) avèk **egzamen basen** (Chapter 20).
- Chèche konnen ki sa lalwa a di nan zòn kote w ap viv la. Nan kèk zòn, yo ankouraje fanmsaj yo aprann fè kitaj. Nan kèk lòt zòn, fanmsaj pa gendwa fè l.
- Kitaj ka lakòz enfeksyon nan matris oswa matris la ka blese. Itilize chapit sa pou w aprann, men sonje ou ka aprann plis nan men yon moun ki eksperyans montre w fè kitaj.

## Ki jan pou deside ki lè pou fè kitaj

Fi ki gen rès dechè gwosès ki rete anndan matris yo apre yon foskouch oswa apre yon avòtman ki pa t konplè ka mouri akòz enfeksyon oswa akòz l ap pèdi san. Kitaj ka sove lavi yo.



Sepandan, kitaj danjere si l pa fèt ak anpil prekosyon. Pou fè kitaj, ou oblije foure yon bagay anndan matris fi a. Nenpòt sa w mete anndan matris la se yon danje paske si w pa fè l kòrèkteman, li ka ba l yon enfeksyon grav oswa li ka blese matris li.

Epitou, pou kitaj la fèt san danje, gwosès la pa dwe gen plis pase 12 semèn.

Anvan w fè yon kitaj, ou dwe gade si pa gen yon lòt bagay ou ka fè ki pi bon. Èske pa gen yon sant medikal nan zòn nan kote yo

pwofesyonèl lasante ka netwaye matris la? Èske li pap pi bon pou w ba l “misoprostol” (gade paj 408) olye w fè kitaj? **Fè kitaj sèlman lè se fason pou netwaye matris la ki gen mwens danje pou fi a.** Pou kitaj la ka fèt san danje, men sa w bezwen:

### Fòk ou gen zouti ki esterilize

Fòk tout bagay ki pral antre anndan matris yon fi esterilize (gade paj 59). Si w pa ka esterilize zouti yo anvan w fè yon kitaj, sa vle di kitaj la ap yon danje, e ou pa dwe fè l!



### Fòk yo fòme w pou sa e fòk ou gen eksperyans ladan l

Aprann fè kitaj nan kèlkeswa liv, menm liv sa a, pap sifi pou w fè l san danje. Fòk gen yon moun ki eksperimante ki fòme w ladann. Aprann tout sa w kapab nan liv, nan kou, ak nan men pwofesè. Ede yon moun ki pi eksperimante pandan l ap fè yon kitaj pou w ka gade e aprann ki jan pou fè l.

### Fòk ou sèten kitaj se swen ki apwopriye a pou fi sa a

Pale ak fi a sou poukisa li bezwen fè kitaj. Kontwole siy fizik li yo, tankou batman kè l ak tanperati l, pou w ka konnen si l bezwen lòt swen medikal tou. Chèche konnen depi konbyen tan li ansent. **Ou ka fè kitaj san danje sèlman pandan 12 premye semèn gwosès.** Sa vle di, apre 12 semèn gwosès kitaj la pap reyisi ankò. Sèl kondisyon pou eseye fè kitaj apre 12 semèn se si fi a vrèman an danje apre yon foskouch oswa yon avòtman ki pa t konplè, epi ou pa gen okenn lòt fason w ka ede l. Gade paj 88 pou jwenn metòd k ap pèmèt ou konnen depi konbyen tan yon fi ansent.

Pou asire fi a gen mwens pase 3 mwa gwosès, ou dwe fè yon egzamen 2 men (gade paj 384) anvan w fè yon kitaj.

**Avòtman ki pa t konplè**

Lè yon fi fè yon foskouch oswa yon avòtman ki pa konplè, li vrèman an danje. Fòk matris li netwaye san pèdi tan. Veye siy sa yo ki ka endike li gen enfeksyon oswa li blese:

- Gwo doulè anba vant
- L ap bay anpil san nan vajan
- Batman kè l rapid (plis pase 100 fwa pa minit)
- Tanperati kò l wo (plis pase 38° C oubyen 100.4° F)
- Tansyon l ba oswa li kontinye ap desann

Pou ede yon fi ki gen siy sa yo, gade paj 406 a 408, oswa mennen l nan yon sant medikal tousuit.

**Fè preparasyon pou kitaj la****METE FI A ALÈZ**


Esplike fi a sa w pral fè. Reponn nenpòt kesyon li genyen.

Ou dwe chèche yon chanm prive pou fè kitaj la kote lòt moun pap gade, epi asire w ou kenbe tout enfòmasyon konsènan swen sante fi a konfidansyèl (gade paj 7).

**Anpeche doulè pandan kitaj la**

Kitaj konn fè mal anpil. Men, gen bagay w ka fè pou kalme doulè a:

- Toujou esplike fi a tout sa w ap fè epi ankouraje l poze kesyon.
- Ale byen dousman epi pa prese.
- Montre fi a kòman pou l respire byen fon, byen dousman. Lè l respire konsa, sa ede l rilaks. Ou ka respire byen fon, byen dousman tou! Sa ap ede w fè travay la ak dousè e ak prekosyon.



Sipò yon bon zanmi ka ede anpil pou diminye doulè yon fi.

Menm lè w fè l avèk dousè, fi a ka toujou gen doulè. Medikaman ki pou kalme doulè a ka koute chè epi yo gen efè segondè ki nui sante l. Men, si w ka jwenn medikaman konsa, ou ka ofri fi a li. Medam yo pa dwe soufri san bezwen.

Epi sonje sa: medikaman pou doulè pa ka ranplase swen ou dwe bay avèk dousè e avèk respè.

Gen 2 kalite medikaman ki ka kalme doulè kitaj la. Ou ka bay konprime nan bouch oswa ou ka bay piki bò kòl matris la pou angoudi kòl matris la.



**Pou evite doulè**

- Bay 500 a 1000 miligram (mg) parasetamòl, nan bouch, 20 minit anvan w kòmanse kitaj la
- Oswa**
- Gade paj 424 pou w jwenn enstriksyon sou ki jan pou w bay piki pou angoudi kòl matris la



**PREPARE ZOUTI AK MATERYÈL W AP BEZWEN POU FÈ KITAJ LA**

Gen anpil kalite zouti ki sèvi pou fè kitaj. Nan chapit sa a, nou esplike ki jan pou itilize ekipman yo fè pou fè kitaj yon òganizasyon fè ki rele “Ipas”. (Gade paj 499 pou konnen ki jan pou achte ekipman pou fè kitaj.)

Angwo, ekipman pou fè kitaj gen 2 pati:


Premyè pati a gen ladan l yon sereng 50 cc ki gen yon ouvèti ki laj. Sereng nan rale sa ki anndan matris la soti deyò.

Lòt pati a se yon je tib plastik ki rele kanil. Yon pwent kanil la ap kole nan sereng nan. Lòt pwent la ap antre anndan matris la.




**Ki jan sereng nan fonksyone**

Lè w pouse bouton sereng nan antre, vòn nan ouvri epi sereng nan ka rale sa ki anndan matris la pa mwayen kanil plastik la.




### Pran swen sereng nan

Chak fwa w itilize sereng kitaj la, ou dwe demonte l epi netwaye l avèk anpil prekosyon. Anvan w sèvi avè l ankò, grese ti bag kawoutchou ki anba piston an ak yon ti librifyan silikòn oswa menm ak yon ti luil vejetal ou konn fè manje avè l la. Li tout enstriksyon ki vini ak sereng nan pou w konnen ki jan pou pran swen l.



Yon sereng ki gen yon sèl vòn pou gwosès ki gen mwens pase 12 semèn



Yon sereng ki gen 2 vòn pou gwosès ki gen jiska 12 semèn




Yon sereng espesyal ki rele “MVA Plus” ki fèt pou gwosès ki rive jiska 12 semèn



**Note sa:** Gen kèk sereng yo te konn itilize ki ka fè kitaj sèlman pou gwosès ki gen 8 semèn oubyen mwens. Asire w ou suiv enstriksyon ki vini ak sereng ou genyen an.

### Esterilize zouti ou yo

Esterilize tout zouti ki prale anndan vajen fi a oswa anndan matris li (gade paj 59), epi depoze yo sou yon twal esterilize, sou yon asyèt esterilize, oswa sou yon papye esterilize. Fòk ou mete gan esterilize chak fwa w ap manyen yon zouti.




Lòt bagay w ap bezwen se yon ti bòl ki gen antiseptik tankou betadin oswa “hibiclens” pou lave deyò kòl matris la. Epi, asire w ou gen yon limyè ki byen klere.



## Fè kitaj la

1. Pou kreye yon espas vid nan sereng nan ki gen yon presyon k ap kapab rale dechè gwosès la, men sa pou w fè:


Pouse bouton vòn yo antre/monte pou w ka fèmen vòn nan; bouton yo ap fè yon son “klik” epi y ap rete kole anplas jiskaske w ouvri yo ankò.



Pouse bouton yo antre

Kenbe kò sereng nan ak yon men, epi rale piston an dèyè ak lòt men an, jiskaske manch piston yo ouvri kò yo sou deyò ak yon ti bri lè piston an rive nan pwent kò sereng nan.

Verifye 2 manch piston yo. Toude dwe soti deyò nèt. Depi manch yo ouvri nan pozisyon sa a, ou sipoze pap ka repouse piston an antre nan kò sereng nan ankò.



Rale piston an al dèyè


Manch sereng yo ap ouvri ak yon bri sèk




**ATANSYON!** Pa janm sere manch piston yo ansanm oswa pouse piston an anndan kò sereng nan pandan w ap fè yon kitaj. Sa t ap fè sa ki nan sereng nan tounen nan matris fi a ankò. **Sa ta ka touye fi a.**

2. Klere pati jenital fi a ak yon limyè pou w ka wè byen. Ou ka bezwen yon moun ki pou kenbe limyè a.
3. Lave men w ak savon ak dlo pandan plizyè minit (gade paj 53). Kite men w seche nan lè.

Mete gan plastik pwòp nan men w.



4. Lè fi a di w li pare, suiv etap ki nan paj 384 pou fè yon egzamen 2 men. Pran gwochè matris la. Matris la ta dwe gen egzaktman gwochè pou kantite semèn fi a te di w li genyen depi l ansent lan. Si matris la gwo anpil, petèt li gen plis tan ansent pase sa l panse. Pa fè kitaj pou yon fi ki gen plis pase 3 mwa ansent, sof si l gen gwo pwoblèm apre yon avòtman ki pa t konplè epi ou pa gen okenn lòt mwayen pou w ede l apa de kitaj la.





5. Retire gan yo, lave men w, epi mete lòt gan ki esterilize. Sa ap pèmèt tout zouti yo rete esterilize pou kitaj la pandan w ap fè l.
6. Enstale yon espekilòm avèk jantiyès (gade paj 377).



7. Kenbe yon moso twal gaz esterilize nan yon pens won (oswa pran yon tanpon long), epi tranpe l nan solisyon antiseptik la. Itilize l pou lave kòl matris la.



8. Mande fi a pou l respire byen fon epi pou l rilaks kò l. Lè l pare, kenbe kòl matris la avèk yon pens tenakilòm oswa ak yon pens won. Fèmen pens tenakilòm nan, epi rale l toupati pou w ka drese matris la. Sa ka fè fi a malalèz anpil, donk ale dousman epi di l sa w ap fè.





9. Si w te deside bay yon piki pou angoudi kòl matris la, fè l kounye a.



### PIKI KI POU ANGOUDI KÒL MATRIS LA

W ap bezwen yon sereng ki mezire 22 kalib (oswa yon ekstansyon pou zegui) epi yon anestezi ou ka jwenn nan zòn nan ki **pa gen “epinephrine”** ladan l. Pa egzanp, ou ka itilize 1% “lidocaine” kòm anestezi.

Anvan w bay piki a, mande fi a si l pa t janm pran kalite anestezi sa a deja. Chèche konnen si l te fè alèji avè l. Si sa te rive l, pa ba l piki a.

Sèvi ak pens tenakilòm nan pou w deplase kòl matris la yon ti kras ale sou kote jiskaskè ou ka wè kote kòl matris la (yon pati ki lis) kontre ak vajen an (pati ki yon ti jan pi graj).

Suiv enstriksyon ki nan paj 345 a 349 pou bay yon piki.



Foure zegui a antre anviwon 1 santimèt anba po a, epi enjekte anviwon 2 mililit (ml) medikaman an dousman pandan w ap rale zegui a soti. Fè menm bagay la sou lòt bò kòl matris la.


L ap pran yon 3 minit konsa pou medikaman an angoudi kòl matris la. Fi a ka toujou santi lakranp apre piki a, men l pap fè l mal menm jan an.

10. Chwazi youn nan kanil yo. Tib sa yo vini nan plizyè dimansyon diferan (dimansyon an ka ekri sou li). **Ou dwe itilize yon kanil ki apwopriye parapò ak gwosè matris fi a.** Tablo sa a ka ede w wè ki kalite kanil ki ka pi efikas:

**Pou yon fi ki gen**


**5 a 7 semèn** gwosès, itilize yon kanil ki mezire 5 milimèt

(matris 9 santimèt longè)



**7 a 9 semèn** gwosès, itilize yon kanil ki mezire 6 milimèt

(matris 10 santimèt longè)




**9 a 12 semèn** gwosès, itilize yon kanil ki mezire 7, 8, 9, 10, oswa 12 milimèt

(matris 12 santimèt longè)



11. Gen kanil ki bezwen yon adaptè pou yo ka konekte avèk kèk sereng. Si w bezwen yon adaptè, mete l kounye a.

12. Di fi a ou pare pou w kòmanse. Lè l pare, li menm, avèk dousè pouse kanil ki esterilize a antre nan pasaj kòl matris la. Pa kite kanil la touche ak anyen ankò, menm ak bò vajen an, anvan l antre nan kòl matris la. Pafwa, kòl matris la konn twò sere pou l kite yon kanil ki twò laj pase. Si sa rive, fougè yon kanil ki piti nan kòl matris la anvan, epi apre sa retire l e mete yon kanil ki pi laj.




Eseye vire kanil la byen dousman pandan w ap antre l nan kòl matris la. Sa ap fè l antre pi fasil.

Pandan w ap fougè kanil la, suiv fi a pou wè si l pa gen doulè. Mande l pou l di w si pwosedi a fè l mal. Pafwa se figi fi a k ap di w si l santi doulè, menmsi l pa fè bri.

Si fi a santi doulè, ralanti. Lè w ale dousman, sa ka anpeche l blese. Mande fi a pou l respire byen fon pou kò l ka lache epi pou kòl matris la ka ouvri.

13. Dirije kanil la antre byen dousman jiskaskè ou santi l rete sou tèt matris la. Lè w santi l touche tèt kòl matris la, rale kanil la fè bak toupiti. Si w vle, ou ka lage pens tenaklòlòm nan.



## Nè Vag la

Pafwa lè kanil la antre nan matris fi a, li santi vètij, tèt li vire, oswa l gen noze. Li ka dekonpoze. Jeneralman sa rive paske te gen presyon sou yon nè ki rele “nè vag” la.


Nè vag la kòmanse pa dèyè sèvo a, anndan tèt la, epi li pase desann do fi a rive nan chak janm. Nè vag la pase toupri do matris la, e lè gen yon bagay tankou yon kanil ki antre anndan matris la, li ka peze sou nè sa a. Sa ka lakòz sa ki rele yon reyaksyon vaginal.

### Siy reyaksyon vaginal:


- Fi a swè, li vin frèt, oswa li vin blèm.
- Batman kè l monte epi tansyon l desann.
- Li anvi dekonpoze, tèt li vire, oswa li gen noze.

Sa mete fi a malalèz, men l pa danjere. Kanpe kitaj la. Retire kanil la, pens tenakilòm nan, ak espekilòm nan. Ede fi a soti sou do l epi mete l kouche sou kote; kenbe kò l cho e byen poze, epi tann jiskaske malèz la pase. Lè l santi l papimal, ou ka rekòmanse kitaj la.

14. Kenbe sereng nan avèk yon men epi kenbe kanil la avèk lòt men an. Kole sereng nan ak kanil la lè w rale kanil la yon tikras al dèyè sou sereng nan. Fè atansyon pou w pa pouse kanil la antre nan matris la. Si l antre twò lwen l ap blese matris la.



15. Peze bouton ki sou sereng nan vin sou ou pou w ka ouvri vàn nan. Bouton yo dwe fè “klik”. Likid ki tankou kim ak mous ansanm ak san ak rèz dechè gwosès la ap jayi sot nan matris la ale nan sereng nan. Ka gen san ki soti nan vajen an tou.




16. Netwaye matris la lè w fè mouvman antre soti byen dousman ak kanil la pandan w ap vire sereng nan (an wotasyon).

**Pa rale pwent kanil la soti deyò matris la.**

Si w rale pwent kanil la soti deyò kòl matris la, presyon ki te gen nan sereng nan ap pèdi. Menmsi w remete kanil la anndan matris la, li pap rale rès dechè yo ankò. Kitaj la pap fin fèt.

Pa pouse kanil la twò lwen anndan pou w pa blese matris la.



17. Kontinye deplase sereng nan epi vire l jiskaske matris la vid. Jeneralman, matris la ap fin vid apre 5 minit.


Men siy ki montre matris la vid:

- Sèl sa ki nan kanil la se yon kim woz.
- Pa gen chè nan kanil la ankò.
- Lè w touche anndan matris la ak pwent kanil la, matris la di epi l graj.
- Matris la ratresi epi li sere kanil la.



18. Lè matris la vid, retire sereng nan sou kanil la. Jete sa ki nan sereng nan nan yon veso transparan, tankou yon vè.

Kounye a, rale kanil la deyò byen dousman, apre sa retire pens tenakilòm nan ak espekilòm nan.



19. Gade rès dechè ki te nan matris la pou wè si l konplè. Li enpòtan pou konnen si w retire tout rès dechè yo, paske si gen dechè ki rete anndan matris la, sa ka lakòz enfeksyon oswa pèt san.



Vide rès dechè a nan yon paswa oswa ajoute enpe dlo pwòp nan bokal ki gen dechè a. Sa w wè a depann de rezon ki fè fi a te bezwen kitaj la.

Si fi a te fè kitaj la pou l mete fen nan yon gwosès oswa paske fi a t ap bay san apre yon foskouch, ou dwe wè tout rès pitit la. Apre 4 semèn gwosès, dwe gen chè ki gen koulè blanch oswa koulè jòn tankou plim zwazo ki kole ak yon ti sak transparan. Si w pa wè tout bagay sa yo, ou dwe refè kitaj la.

Si w ap fè yon kitaj pou w ka netwaye matris la apre yon avòtman oswa yon foskouch ki pa t konplè, ou ka pa wè tout dechè sa yo. Genyen ki ka te gentan soti nan matris la. Antouka, note sa w wè yo. Si w pa wè tout dechè gwosès ki ta dwe soti a, epi san kontinye ap vide sou fi a oswa si l gen siy enfeksyon, ou dwe refè pwosedi a.

20. Itilize enstriksyon ki nan paj 67 a 69 pou w jete dechè yo san danje.

## Pwoblèm ki ka rive pandan kitaj la



Gen kèk pwoblèm ki ka rive pandan kitaj la ki ka lakoz kitaj la pa fin fèt nèt. Ou dwe rezoud yo pou w ka fin fè kitaj la pou pwoteje fi a pou l pa bay twòp san epi pou l pa malad apre kitaj la.

### Kanil la soti anndan matris la

Si pwent kanil la soti nan matris la apre vàn nan fin ouvri, menmsi l sòti toupiti, presyon an ap pèdi. Sereng nan pap ka retire okenn lòt dechè ankò.

#### *Ki jan pou rezoud pwoblèm nan:*

1. Retire sereng nan nan kanil la.
2. Vide dechè ki anndan sereng nan nan yon bokal.
3. Mete yon lòt kanil esterilize ki nèt anndan matris la.




4. Kreve yon lòt presyon nan sereng nan lè w pouse bouton yo pou fèmen vàn nan, epi w rale manch yo al dèyè jiskaske yo rete nan pwent kò sereng nan.
5. Kole kanil la ak sereng nan byen dousman.
6. Ouvri vàn nan lè w peze bouton yo vin sou ou pou w ka kontinye retire dechè ki nan matris la.

## Sereng nan plen

Lè sereng nan prèske fin plen, li pap gen ase presyon pou l kontinye rale dechè yo soti nan matris la.

### *Ki jan pou rezoud pwoblèm nan:*



1. Retire sereng nan sou kanil la, men kite kanil la anndan matris la.
2. Vide dechè ki nan sereng nan nan yon bokal.
3. Kreye yon lòt presyon nan sereng nan lè w pouse bouton yo pou fèmen vòn nan, epi w rale manch yo al dèyè jiskaske yo rete nan pwent kò sereng nan.
4. Kole kanil la ak sereng nan byen dousman.
5. Ouvri vòn nan lè w peze bouton yo vin sou ou pou w ka kontinye retire dechè ki nan matris la.



## Kanil la bouche

### *Ki jan pou rezoud pwoblèm nan:*

1. Retire sereng nan ak kanil la nan matris la, epi retire sereng nan sou kanil la.
2. Vide dechè ki nan sereng nan nan yon bokal.
3. Mete yon kanil esterilize ki nèt nan matris la. **Ou ka bezwen yon kanil ki pi laj.**



4. Kreye yon lòt presyon nan sereng nan lè w pouse bouton yo pou fèmen vòn nan, epi w rale manch yo al dèyè jiskaske yo rete nan pwent kò sereng nan.
5. Kole kanil la ak sereng nan byen dousman.
6. Ouvri vòn nan lè w peze bouton yo vin sou ou pou w ka kontinye retire dechè ki nan matris la.

Pafwa gen yon ti moso chè ki kole nan kòl matris la ki kontinye bouche kanil la. Ou ka oblije retire l ak yon pens ki esterilize.

## Matris la twò gwo pou fè kitaj

Pafwa ou ka panse matris yon fi pa twò gwo pou fè yon kitaj, men apre w kòmanse fè kitaj la, ou vin wè matris la twò gwo. Li ka pa t konnen si l te gen tout tan sa a depi l ansent. Oubyen, matris li gendwa te parèt pi piti pase jan li ye vrèman.

### *Ki jan pou rezoud pwoblèm nan:*

Si w kòmanse fè yon kitaj, men w pap ka fin retire tout dechè a nèt, premyèman eseye itilize yon kanil ki pi gwo. Sepandan, si w toujou pa kapab fin netwaye matris li, ou dwe chèche yon lòt moun tousuit ki ka netwaye matris la. Menmsi w oblije ale nan yon lopital ki byen lwen, fòk ou ale pou l ka jwenn èd. Lavi fi a vrèman an danje.

Men lòt bagay w ka fè:

- Bay l “misoprostol” pou netwaye matris la (gade paj 408).
- Veye siy enfeksyon (gade paj 409).



## PWOBLÈM KITAJ KA LAKÒZ

Kitaj ka lakòz pwoblèm si l pa byen fèt. Pafwa, menm fanmsaj ki eksperimante ka jwenn pwoblèm apre kitaj la. Men pwoblèm ki konn rive pi souvan yo:

- Kitaj la pa fin fèt nèt (gade paj 407).
- Enfeksyon (gade paj 409).
- Matris la blese (gade paj 413).

## Apre kitaj la

Pandan yon jounen ak yon nuit apre kitaj la, pase wè fi a souvan pou wè ki jan li ye. Kontwole tanperati l ak batman kè l pou wè si l gen siy enfeksyon epi verifye konbyen san l ap bay.

Di fi a ki sa pou l atann apre kitaj la. Li dwe konnen pou l chèche èd si l gen nenpòt move siy ki parèt.


### **BON SIY**

- Li senyen menm kantite san li konn genyen lè l gen règ li, epi san an dire sèlman kèk jou oubyen yon semèn.
- Yon ti lakranp pandan 2 a 3 jou.



## MOVE SIY

- Fi a bay plis san pase lè l gen règ li, sitou si san an wouj vif oubyen li gen gwo san kaye ladan l.
- San an kontinye koule pandan plis pase 2 semèn aprè kitaj la.
- Ekoulman k ap soti nan vajen an ki gen move sant.
- Matris la rete gwo oubyen li vin pi gwo aprè kitaj la.
- Gwo doulè, doulè k ap ogmante, oswa lakranp oubyen doulè nan vant oswa nan basen pandan plis pase 3 a 4 jou.
- Fyèb, frison, oubyen li santi l pa byen.
- Li santi l fèb, tèt li ap vire, oswa l ap dekonpoze.



Si fi a pèdi plis san pase lè l konn gen règ li, fwote matris li chak detwa èdtan (gade paj 224) pou matris la ka vin di epi pou san kaye yo ka soti. Sa ka soulaje l tou si w mete yon sachè glas sou vant li pandan 15 a 20 minit.


Si san kontinye ap vide sou fi a oswa si l gen lòt siy danjere, mennen l lopital.

## Rete an sante aprè yon kitaj

Esplike fi a ki sa pou l atann pandan kò l ap geri. Li nòmal pou kò l pran yon 2 semèn pou l tounen menm jan l te ye anvan l te ansent lan. Esplike l ki move siy pou l siveye. Epi, asire fi a gen posiblite pou l pale sou kòman l santi l. Gen fi ki pè, yo tris, oswa yo gen lòt santiman aprè kitaj la.

Pandan detwa semèn k ap vini yo, fi a dwe pran swen kò l pou l ka geri vit, epi pou l ka geri nèt. Li pa dwe mete anyen nan vajen l, epi li pa dwe gen rapò seksyèl jiskaske san an rete.

Ankouraje fi a pou l bwè anpil likid epi pou l manje bagay ki bon pou sante l. Li dwe repoze pandan kèk jou, si sa posib.



## Planin

Aprè yon kitaj, mande fi a si l vle konnen plis enfòmasyon sou zafè planin. Li fasil pou yon fi tonbe ansent aprè yon kitaj, menm jan ak nenpòt lè. Epi tou, fi a gendwa te fè kitaj la paske li te vle jete yon pitit. Gade Chapit 17 pou ede fi a jwenn yon metòd planin k ap bon pou li.